



Règleman Chanselye (Chancellor Regulation, CR)

Nimewo: A-710

Sijè: REGLEMAN AK PWOSEDI SEKSYON 504 POU ELÈV

Kategori: ELÈV

Pibliye: 10 septanm 2021

REZIME CHANJMAN YO

Règleman sa a modifiye ak ranplase Règleman Chanselye (*Chancellor's Regulation*, CR) A-710 ki gen dat jedi 20 janvyè 2011.

Chanjman

- Li chanje tit lyezon sante rezo (Network Health Liaisons) an Direktè biwo sante vil/ Borough (seksyon IV, V, VI, VII, IX).
- Li mete materyèl yo bay paran yo ajou anba "Difizyon Regleman" (Seksyon I.B).
- Li defini "paran" (Seksyon I.C).
- Li presize yo rele Kowòdnatè Santral Seksyon 504 lan manadjè pwogram Seksyon 504 (Seksyon II.A).
- Li mete ajou langaj entwodiksyon an, li ajoute "aktivite" kote yo fè referans avèk "pwogram" DOE yo, epi li presize lekòl se yon pwogram DOE (Rezime, Entwodiksyon, Seksyon III, IV, V).
- Li chanje "kamarad ki pa andikape" ("non-disabled peers") an kamarad ki pa gen andikap ("peers who do not have disabilities") tout kote.
- Li mete egzijans yo ajou pou difizyon Avi kont diskriminasyon dapre Seksyon 504 pou paran nan Seksyon I a, epi li retire referans ki repete yo nan Seksyon VII.A.
- Li presize manadjè pwogram Seksyon 504 la preskri pwosedi ak fòm regilye y ap pale nan Seksyon II.A an kolaborasyon avèk divizyon konsènne DOE yo.
- Li egzije pou Kowòdonatè 504 ki baze nan lekòl la se yon administratè, sipèvizè, pwofesè, konseye pedagogik, sikològ lekòl oswa travayè sosyal ki gen lisans k ap travay nan lekòl la atan plen (Seksyon II.B).
- Li presize Kowòdonatè 504 ki baze nan lekòl la dwe, pami lòt responsablite, ale nan kèk trening (Seksyon II.B).
- Li presize avi pou paran an dwe fèt nan senk (5) jou lekòl la apre Kowòdonatè 504 fin resevwa demand estaf la inisyè a (Seksyon III.A.2).
- Li presize fòm yo refere nan Seksyon III.A se fòm demand 504 yo.
- Li retire "Evalyasyon" nan deskripsyon "Reyinyon Ekip 504 yo" (Seksyon IV.B) ak ranplase "evalyasyon" avèk "evalye" pou detèmine si yon elèv elijib pou Seksyon 504 (Seksyon III.A, IV).
- Li ajoute enfòmasyon nan fòm demand 504 ak fòm medikal yo, ak nan demand paran pou tradiksyon ak/oswa entèpretasyon (Seksyon III.B).
- Li presize manm obligatwa Ekip 504 ki baze nan lekòl la, moun Ekip 504 la ta dwe kontakte ak manadjè Pwogram Seksyon 504 la ansanm avèk Direktè sante yo, tout se resous pou Ekip 504 la (Seksyon IV.A).
- Kalandriye Reyinyon Ekip 504 (Seksyon IV.B)
 - Li presize Kowòdonatè 504 la dwe pwograme Reyinyon Ekip 504 la nan senk (5) jounen lekòl apre

- resepasyon demand 504 paran an inisyè a.
 - Li presize yo ka òganize Reyinyon Ekip 504 ak egzamine Plan 504 yo, kèlkeswa Biwo sante lekòl ranpli oswa pa ranpli revizyon Fòm pou bay elèv medikaman (Medication Administration Form, MAF) oswa Fòm tretman medikal yo preskri (Medically Prescribed Treatment Form).
 - Li chanje kalandriye pou lè Reyinyon Ekip 504 la dwe fèt.
- Li presize Kowòdonatè 504 la dwe voye yon rapèl alekri bay paran an omwen senk (5) jou lekòl avan Reyinyon Ekip 504 la, epi yo ankouraje yo mete ladan yon kopi Plan 504 yo pwopoze a (Seksyon IV.B.6).
- Li presize Ekip 504 la konsidere dosye medikal enpòtan yo (Seksyon IV.B.7).
- Li retire “Apendis A” epi li voye lektè yo nan Akomodasyon 504 la pito: Gid pou elèv ak fanmi oswa paj wèb Akomodasyon 504 (Seksyon IV.C.2).
- Li revize kontni konsènan “aktivite esansyèl lavi a” ak “limite konsiderabman” ke Ekip 504 la ap konsidere lè l ap evalye elijiblite elèv pou Akomodasyon 504 (Seksyon IV.C.2.c).
- Li ajoute manadjè Pwogram Seksyon 504 la kòm yon resous pou Ekip 504 yo (Seksyon IV.C.3).
- Li deplase kontni sou avi pou detèmine elijiblite ki nan Seksyon V.C pou Seksyon IV.C.4.
- Li egzije Ekip 504 la ekri Plan 504 la avèk itilizasyon bon modèl Plan akomodasyon 504 DOE a (Seksyon V.A).
- Ajoute kontni konsènan akomode elèv la nan anviwònman ki gen mwens restriksyon an (least restrictive environment , LRE) (Seksyon V.A.3).
- Li fè mizajou nan langaj, epi li ajoute nouvo sou-seksyon ak kontni nan “Egzanp Akomodasyon yo” (Seksyon V.B).
- Li presize pou di si elèv la bezwen akomodasyon plis pase sa yo endike nan sou MAF la oswa nan Fòm tretman medikal yo preskri a (Medically Prescribed Treatment Form), yo egzije tou yon Plan 504, epi li fè mizajou nan fòm yo egzije yo (Seksyon V.B.1).
- Li fè mizajou nan kontni an sou jan pou yo finalize Plan 504 la (“Avi ak Konsantman”) (Seksyon V.C).
- Li mete ajou kontni sou pwosesis pou dokimante ak enpleman akomodasyon 504 pou elèv k ap transfere ant lekòl DOE pandan ane lekòl la (Seksyon V.D).
- Li deplase “Transfè pou soti nan yon lòt distri lekòl oswa nan yon lekòl prive oswa nan yon Lekòl Charter” pou mete l jis nan Seksyon V.E epi li chanje antèt la an “Lekòl ki pa lekòl DOE” ak kontni a.
- Li mete pwosesis renouvèlman anyèl la ajou epi li fikse egzijans pou Kowòdonatè 504 la oswa reprezantan l konsènan kontni ak kalandriye reyinyon swivi avèk paran elèv k ap retounen ki gen MAF oswa Fòm tretman medikal yo preskri ak/oswa Plan 504 ki ka bezwen sèvis sante nan ane lekòl apre a (Seksyon V.F).
- Li ranplase “Rekòmandasyon ki obligatwa pou CSE” avèk “Sèvis Edikasyon espesyal” ak mizajou kontni ki gen rapò avèk li (Seksyon V.G).
- Li mete egzijans pou kenbe dosye ajou dapre responsablite Kowòdonatè 504 ki revize nan Seksyon II.B (Seksyon VI).
- Li mete plizyè lye ak langaj nan Pwosedi pou fè revizyon ajou, ak ajoute referans kwaze nan Regleman Chanselye (Chancellor’s Regulation A-820) (Seksyon VII).
- Li ajoute Seksyon VIII, “Lòt Pwosedi pou pote plent (Alternative Complaint Procedures).”
- Li mete ajou enfòmasyon sou jan pou kontakte Kowòdonatè 504 Seksyon santral la (Seksyon IX) ajou.



Règleman Chanselye (Chancellor Regulation, CR)

Nimewo: A-710

Sijè: REGLEMAN AK PWOSEDI SEKSYON 504 POU ELÈV

Kategori: ELÈV

Pibliye: 10 septanm 2021

REZIME

Règleman sa a tabli regleman ak pwosedid NYCDOE pou elèv nan lekòl ak pwogram DOE ki se moun kalifye ki gen andikap jan yo defini l nan Seksyon 504 Lwa 1973 sou reyabilitasyon a (Rehabilitation Act of 1973) (29 U.S.C. § 794, 34 C.F.R. § 104) epi ki bezwen akomodasyon pou yo patisipe nan pwogram ak aktivite DOE.

ENTWODIKSYON

Chak ane lekòl, DOE idantifye ak evalye elèv ki gen andikap (students with disabilities, SWD) dapre Seksyon 504 Lwa 1973 sou reyabilitasyon (yo fè referans ak li kòm Seksyon 504 oswa 504) elèv ki bezwen akomodasyon rezonab pou patisipe nan pwogram DOE (tankou lekòl) ak aktivite sou menm pye egalite avèk kamarad yo ki pa gen andikap. Jan yo detaye l nan règleman sa a, yon ekip Seksyon 504 ki baze nan lekòl la evalye elèv ki ka bezwen akomodasyon sa yo (yo dekri pi ba a nan Seksyon IV.A), epi lè l apwopriye ak lè paran an apwouve l, yo ofri yo akomodasyon dapre yon Plan 504 pou akomodasyon Seksyon 504 ki dekri akomodasyon elèv la ap resevwa.

I. PIBLIKASYON REGLEMAN

- A. Chak lekòl leta ak pwogram edikatif Vil Nouyòk dwe afiche Avi kont Diskriminasyon dapre seksyon 504 DOE a ki gen ladan enfòmasyon konsènan regleman sa a, nan yon kote vizib pou tout anplwaye, paran ak elèv ka wè l Yo afiche avi a sou sit wèb DOE nan <https://cdn-blob-prd.azureedge.net/prd-pws/docs/default-source/default-document-library/notice-of-non-discrimination-under-504.pdf>.
- B. Lekòl yo dwe voye tout dokiman sa yo bay paran elèv DOE si yo mande yo, anplis: chak ane, Avi kont diskriminasyon dapre seksyon 504 la; ak lè yo fin rantre lekòl nenpòt lè nan ane lekòl la, ansanm ak Akomodasyon 504 yo: Gid pou elèv ak fanmi (Student & Family Guide (disponib nan <https://www.schools.nyc.gov/docs/default-source/default-document-library/504-accommodations-student-and-family-guide>) ak nouvo Seksyon 504 lèt pou paran elèv (disponib nan <https://infohub.nyced.org/in-our-schools/translations/forms/health-forms-and-notices>).
- C. Tèm "paran" an, kèlkeswa lè yo itilize l nan règleman sa a vle di paran elèv la oswa responsab li, oswa tout moun ki jwe wòl paran oswa k ap pran swen elèv oswa elèv la li menm, si li se yon minè emansipe oswa si li gen laj 18 lane.

II. APLIKASYON RÈGLEMAN

Y ap mete manm pèsonèl nan nivo santral ak lekòl la pou asire yo respekte règleman sa a.

- A. Nan chita pale avèk divizyon enpòtan DOE yo, Kowòdonatè 504 Seksyon santral la, ke yo rele manadjè Pwogram Seksyon 504 la, dwe preskri pwosedi ak fòm regilye yo itilize pou avize paran sou dwa Seksyon 504, rekòmandasyon Seksyon 504, ak evalyasyon Seksyon 504 yo.
- B. Chak direktè dwe nonme yon Kowòdonatè seksyon 504 nan lekòl la pou sipèvizè aplikasyon regleman sa a onivo lekòl la. Kowòdonatè 504 ki baze nan lekòl la dwe se yon administratè, sipèvizè, pwofesè, konseye pedagogik, sikològ lekòl oswa travayè sosyal ki gen lisans k ap travay nan lekòl la atan plen. Dapre regleman sa a, responsablite Kowòdonatè 504 la gen ladan bagay sa yo ak lòt ankò:
 - afiche vizibleman, ak piblye bay paran tout elèv yo nan lekòl la, Avi kont diskriminasyon dapre Seksyon 504;
 - piblye lèt, avi, ak demand fòm Seksyon 504 bay paran yo nan “lang yo kouvri,” sa yo pi pito jan sa defini nan Règleman Chanselye (Chancellor’s Regulation A-663 (Tradiksyon, <https://www.schools.nyc.gov/docs/default-source/default-document-library/a-663-haitian>);
 - fè suivi avèk paran elèv k ap retounen nan lekòl la ki te gen akomodasyon 504 pandan ane lekòl avan an;
 - kowòdone avèk paran an, lekòl la, Biwo Borough/vil la, Estaf santral, ak founisè swen sante yo pou asire DOE resevwa tout fòm yo bezwen pou DOE fè pwosesis Seksyon 504 la atan;
 - gade ak pale avèk paran an sou kontni fòm demand 504 ki ranpli yo pandan y ap soumèt yo ak avan Reyinyon Ekip 504 la;
 - konvoke Ekip 504 yo pou evalye demand pou akomodasyon yo;
 - sipèvizè devlopman ak finalizasyon Plan 504 la;
 - sipèvizè elaborasyon tout akomodasyon, tankou idantifye pou enfimye lekòl la tout manm estaf ki ka bezwen bon jan trening ki gen rapò avèk sante, takou swen dyabèt oswa tretman pou alèji, pou sipòte aksè elèv nan pwogram ak aktivite DOE (paegzanp pwomnad lekòl);
 - konsève done enpòtan pou lekòl la fè enplemantasyon regleman sa a ki gen ladan men pa limite ak:
 - yo te distribye dat dokiman demand akomodasyon 504 la bay paran ak day yo te resevwa yo nan men paran an;

- yo te pwograme dat reyinyon 504 yo ak dat yo te fèt, non ak tit patisipan nan reyinyon (ki gen ladan moun k ap patisipe nan tele konferans);
 - idantifye detay konsènan elèv la;
 - detay konsènan paran an, tankou bezwen tradiksyon ak entèpretasyon;
 - kiyès elèv ki gen Plan 504 ki aktif, tankou yon kopi anrejistre chak Plan 504 elèv, dokiman demand 504 yo, ak lòt dokiman enpòtan (tankou avi elijiblite, fèy prezans);
 - akomodasyon yo mande yo ak dezizyon pou chak, paegzanp estaf ki responsab pou enplemante akomodasyon ki otorize yo; ak
 - dosye ekri tout ensidan ki gen rapò avèk yo, oswa ki se rezilta Plan 504 elèv la.
- ale nan Trening inisyèl obligatwa DOE oswa nan trening anyèl Kowòdonatè 504 la fè pou rafrechi memwa, ak tout lòt trening anplis (tankou trening ki gen rapò avèk sante) ki obligatwa pandan ane lekòl la.

III. **DEMAND AKOMODASYON POU SEKSYON 504**

A. Demann estaf lekòl la fè

1. Estaf lekòl la dwe kòmanse yon demand pou yon Ekip 504 fè yon evalyasyon pou tout elèv ki kwè li yon fason rezonab gen yon andikap epi li bezwen akomodasyon dapre Seksyon 504 pou patisipasyon l nan aktivite ak pwogram DOE menm jan ak kamarad lekòl li yo ki pa gen andikap. Estaf lekòl la pa dwe ankouraje oswa mande paran pou fè demand Seksyon 504 nan plas demand estaf la inisyèl. Estaf la fè yon demann lè yo kontakte Kowòdonatè 504 ki nan lekòl la.
2. Nan senk (5) jou lekòl apre demand estaf la, Kowòdonatè 504 la dwe mete paran an okouran alekri lè li itilize avi ki pwograme pou reyinyon DOE a. Lè estaf lekòl la fè demand la, paran yo ak founisè swen sante elèv la dwe ranpli fòm demand 504 yo si sa nesèsè, avan pou Ekip 504 la ka evalye elijiblite elèv la pou akomodasyon 504. Fòm yo disponib sou sit wèb DOE nan <https://www.schools.nyc.gov/school-life/health-and-wellness/504-accommodations>.
3. Si paran an chwazi pou pa ranpli fòm pou mande yon akomodasyon oswa pou bay konsantman pou yon evalyasyon Seksyon 504, lekòl la pa bezwen pran okenn lòt mezi. Yo dwe dokimante refi paran pou bay konsantman l.

B. Demann paran fè

1. Demand Paran pou akomodasyon 504 yo dwe gen ladan dokiman sipò founisè swen sante elèv la, si nesèsè, epi yo dwe voye yo alekri bay Kowòdonatè 504 ki baze nan lekòl la nan itilize fòm DOE sa yo (yo disponib nan men Kowòdonatè 504 la oswa sit wèb DOE):

- Fòm demand paran pou sèvis sante/akomodasyon Seksyon 504 ki gen otorizasyon HIPAA ladan (paran elèv la ranpli); ak

- Fòm demand pou Akomodasyon medikal (founisè swen sante elèv la ranpli)

Jan sa dekri pi ba a nan Seksyon V.B.1, pou mande sèvis sante, paran an dwe voye fòm sa yo ke founisè swen sante elèv la ranpli ba enfimiyè lekòl la/founisè swen sante nan bilding lekòl elèv la:

- Fòm pou bay medikaman (MAF, pou bay medikaman)
- Fòm pou tretman medikal yo preskri (ki pa medikaman).

Yo pa mande fòm medikal sa yo pou kòmansman evalyasyon 504 ak pou yo òganize Reyinyon Ekip 504 la.

2. Kowòdonatè 504 la oswa reprezantan l responsab pou asire dokiman ak komunikasyon ki gen rapò ak 504 respekte Regleman Chanselye A-663 ak eksplikasyon ki detaye nan Trening Kowòdonatè 504 la.

IV. PWOSESIS EVALYASYON SEKSYON 504

A. Konpozisyon ekip 504 ki baze nan lekòl la

1. Kowòdonatè 504 ki baze nan lekòl la ap detèmine konpozisyon Ekip 504 la. Yon Ekip 504 dwe genyen Kowòdonatè 504 la ak paran elèv la, epi pou minimòm dwe gen ladan tou:
 - omwen (1) yon moun ki okouran kapasite elèv la ;
 - omwen (1) yon moun ki ka konprann nenpòt rapò oswa evalyasyon paran an oswa lekòl la fè ki gen pou wè ak demann pou akomodasyon ; epi
 - omwen (1) yon moun ki konnen akomodasyon ki disponib pou satisfè bezwen elèv la.
2. Lè yo mande sèvis sante, enfimiyè lekòl, oswa manm Biwo sante lekòl (tankou Direktè enfimri borough a, Sipèvizè enfimri an, Manm ekip dyabèt, founisè swen sante) dwe se yon manm Ekip 504 la.
3. Yo pral detèmine manm yo dapre bezwen chak elèv yo evalye, epi ekip la ka gen yon sèl gwoup moun yo deside rasanble davans pou evalye tout elèv yo. Depi gen omwen de lòt manm ekip la anplis paran an, youn nan yo se ap toujou Kowòdonatè 504 la, de lòt manm sa yo ka satisfè kondisyon pi wo yo, si sa apwopriye.
4. Ekip 504 la ka petèt pale avèk Direktè sante Biwo Borough/Citywide la nan ka apwopriye yo, epi yo dwe pale kontakte l yo kote resous siplemantè ki egzije finansman pou yon nouvo akomodasyon oswa pou renouvle yon akomodasyon ki egziste. Sepandan, desizyon konsènan si yon elèv bezwen akomodasyon patikilyè oswa non li depann sèlman de Ekip 504 ki baze nan lekòl la.

5. Lè l posib, pèsonèl lekòl la ki sou plas ta dwe patisipe kòm manm Ekip 504 la. Egzanp pèsonèl apwopriye a gen ladan,+. pwofesè salklas; sikològ lekòl la; ak estaf enfimye, ak lòt manb ankò. Si pa gen pèsonèl lekòl la ki disponib oswa si yo pa kalifye pou reprezante oswa si yo bezwen resous anplis, Kowòdonatè 504 la pral mande direktè sante a pou fè aranjman pou lòt estaf patisipe, dapre bezwen endividyèl elèv la. Estaf sa a ka gen ladan, men se pa yo sèlman : founisè swen sante, ekspè nan ansèyman ak pèsonèl administratif.

B. Reyinyon Ekip 504

1. Yo ka fè Reyinyon Ekip 504, ak egzamine Plan 504 yo, kèlkeswa si wi ou non Biwo sante lekòl la fè revizyon fòm ki aplikab pou Alèji/anafilaksi, Opresyon, Dyabèt, Jeneral, oswa fòm MAF oswa Fòm pou tretman medikal yo preskri.
2. Avan Reyinyon Ekip 504 la, yon manm ki baze nan lekòl Ekip 504 la ta dwe pale avèk tout lòt moun ki gen otorite pou bay akomodasyon yo mande yo, tankou sèvis parapwofesyonèl ak sèvis enfimri, si moun sa yo pa pral prezan nan Reyinyon Ekip 504 la. Manadjè Pwogram Seksyon 504 la ak Direktè sante a se resous pou Ekip 504 la.
3. Moun k ap patisipe nan Ekip 504 la ka ale nan yon reyinyon swa anpèsòn swa nan lòt fason ki vle di paegzanp yon telekonferans. Yo dwe bay chak patisipan dokiman nesèsè pou fè yon bon jan evalyasyon.
4. Ekip 504 la ka reyini ak pran desizyon sou pwoblèm ki gen pou wè ak rekòmandasyon, evalyasyon, ak jidantifye akomodasyon san prezans oswa patisipasyon paran elèv la depi lekòl la te avize paran an atan konsènan reyinyon an, epi swa paran pa patisipe swa li decide pa patisipe oswa refize patisipe. Kowòdonatè 504 la dwe konsève yon kopi dosye avi yo te voye ba paran an ak tantativ yo te fè pou fè aranjman pou paran an patisipe yon lè ak yon kote ki bon pou yo toude. Yo ta dwe dokimante omwen de (2) nan tantativ yo avan yo fè yon reyinyon san paran an pa la.
5. Kalandriye pou Reyinyon
Nan senk (5) jounen lekòl apre yo resevwa demand 504 la (Fòm DOE ki ranpli), Kowòdonatè 504 ki nan lekòl la, pral pwograme Reyinyon Ekip 504 la pou li fèt nan youn nan delè sa yo, si sa nesèsè:
 - a. Yo pa mande pou bay okenn medikaman oswa tretman medikal yo preskri: nan kenz (15) jou lekòl lè sa posib, ak pa pi ta pase trant (30) jou lekòl, apre yo fin resevwa fòm demand 504 ki ranpli yo pou yon premye demand alekri pou akomodasyon 504 oswa yon demand alekri pou yon chanjman nan Plan 504 elèv la.
 - b. Bay medikaman oswa tretman medikal yo preskri yo mande epi elèv la bezwen akomodasyon:
 - i. Elèv k ap retounen (elèv ki nan lekòl DOE kounye a ki pral nan menm lekòl

la ane akademik apre a):

Nan kenz (15) jou lekòl apre yo fin resevwa demand 504 alekri a ak MAF oswa Fòm Tretman medikal yo preskri a, oswa avan fen ane akademik la, nenpòt ki rive avan an. Si paran elèv k ap retounen an pa ka patisipe nan yon Reyinyon Ekip 504 nan delè sa a, Kowòdonatè 504 la ka pwograme yon reyinyon nan yon dat ki pi lwen lè paran an disponib.

ii. Elèv ki fenk ale nan yon lekòl (tankou sa ki fenk transfere nan yon diferan lekòl DOE) ak/oswa Elèv yo fenk Dyagnostike:

- Voye yon MAF oswa Fòm pou tretman medikal yo preskri, oswa demand 504 alekri avan kòmansman ane lekòl la: Kowòdonatè 504 la pral pwograme yon Reyinyon Ekip 504 k ap fèt avan premye jou lekòl lè sa posib, ak lè yo mande sèvis sante, pa pi ta pase kenz (15) jou lekòl apre premye jou lekòl la, sofsi tan siplemantè nesèsè pou akomode orè yon paran.
- Voye yon MAF oswa Fòm tretman medikal preskri, oswa demand 504 alekri pandan ane lekòl la: Kowòdonatè 504 la pral fè yon Reyinyon Ekip 504 pi vit posib apre resepsyon sa k te voye a, ak lè yo mande sèvis sante a, pa pi ta pase kenz (15) jounen lekòl apre resepsyon MAF la oswa Fòm tretman medikal preskri a, oswa demand pou sèvis sante, sofsi tan siplemantè nesèsè pou akomode orè yon paran.

6. Avi sou Reyinyon pou Paran

Omwen senk (5) jou lekòl avan Reyinyon Ekip 504 la, Kowòdonatè 504 la ap avize paran elèv la alekri nan avi ki pwograme nan reyinyon DOE a ki gen objektif la, dat, lè ak lokal Reyinyon Ekip 504 la kòm yon rapèl. Yo ankouraje Kowòdonatè 504 yo tou pou ranpli yon kopi Plan 504 yo pwopoze nan mezi posib pou mete ladan tou avi sa a.

7. Konsiderasyon Ekip la

Ekip 504 la dwe konsidere tout enfòmasyon enpòtan ki disponib, ki gen ladan tout rapò, evalyasyon, ak/oswa dosye medikal (tankou dyagnostik) paran elèv yo bay, ansanm avèk rekòmandasyon pou disiplin, enfòmasyon sou sante, sondaj sou lang, enfòmasyon sou paran, nòt nan egzamen ofisyèl, nòt klas, ak kòmantè pwofesè yo.

C. Detèminasyon elijiblite

1. Ekip 504 la dwe dabò detèmine si elèv la se yon moun kalifye ki gen yon andikap dapre Seksyon 504 la.
2. Ekip 504 la dwe gade Akomodasyon 504 yo: Gid pou elèv ak fanmi oswa paj wèb Akomodasyon 504 pou evalye si elèv la se yon elèv ki kalifye ki gen andikap, dapre pwosesis twa etap ki dekri pi ba a.

- a. Etap 1 - Èske elèv la gen yon andikap fizik oswa mantal?
Yon elèv ki pa gen yon andikap fizik oswa mantal pa kalifye pou resevwa akomodasyon dapre yon Plan 504.
 - b. Etap 2 - Èske gen yon gwo aktivite nan lavi elèv la ki afekte ak yon andikap fizik owa mantal?
Yon elèv ki gen andikap fizik oswa mantal ki pa limite anpil omwen nan yon gwo aktivite nan lavi l anpil pa kalifye pou resevwa akomodasyon atravè yon plan 504.
 - c. Etap Twa-Èske gwo aktivite nan lavi elèv la limite li anpil?
Ekip 504 la dwe evalye si kondisyon elèv la, lè l nan yon sitiyasyon aktif, limite elèv la anpil nan yon gwo aktivite lavi. Yon pwoblèm pa bezwen anpeche oswa limite gravman oswa anpil yon aktivite prensipal lavi pou yo konsidere ke li limite moun lan konsiderabman. Yo entèprete limit lan san konsidere efè korektif mezi pou konpanse yo (tankou medikaman, aparèy pwotèz, aparèy sipò) , ki pa lòt linèt òdinè oswa linèt kontak.
3. Ekip 504 yo ta dwe kontakte Direktè sante yo, Manadjè Pwogram Seksyon 504 la, ak/oswa Konseye jiridik anchèf sou teren an pou jwenn konsèy nan ka bezwen.
 4. Depi yo fin pran yon desizyon, Kowòdonatè Seksyon 504 ki nan lekòl la ap mete paran an okouran alekri sou desizyon Ekip 504 la pran konsènan elijiblite elèv la pou akomodasyon 504. Avi a ap gen ladan l yon deskripsyon dwa paran an pou konteste tout desizyon Ekip 504 la pran dapre Seksyon VII (Pwosedì legal ki respekte dwa (*Procedural Due Process*)) règleman sa a.

V. **PLAN 504**

Si ekip seksyon 504 la deside ke elèv la gen yon andikap fizik oswa mantal ki afekte seryezman yon gwo aktivite nan lavi l, yo dwe deside apre ki akomodasyon, si genyen, ki nesèsè pou elèv la ka patisipe nan pwogram ak aktivite DOE menm jan ak kamarad li yo ki pa gen andikap.

A. Kondisyon Jeneral

1. Si Ekip 504 la detèmine yo akomodasyon yo obligatwa, li dwe ekri yon kopi Plan 504 pou elèv la lè li itilize bon jan modèl plan akomodasyon 504 la, oswa Modèl plan akomodasyon 504 Dyabèt la), ki disponib sou paj wèb akomodasyon 504 DOE a:
<https://www.schools.nyc.gov/school-life/health-and-wellness/504-accommodations>.
2. Yo ta dwe pran desizyon konsènan akomodasyon sou yon baz endividyèl dapre kondisyon elèv la, bezwen, ak kapasite l, ansanm avèk degre enpak sou kapasite elèv la pou pwogram ak aktivite DOE yo.

3. Yo dwe bay akomodasyon nan least restrictive environment an (LRE) pou pèmèt elèv la fè entèaksyon nan mezi posib avèk kamarad klas li ki pa gen andikap, nan lide pou limite tan enstriksyon li rate ak separasyon avèk kamarad klas yo. Resous, tankou pou enfimye lekòl la ki disponib, se pa yon konsiderasyon ki apwopriye pou detèmine least restrictive environment (LRE).
4. Sòsi yo nan yon lòt fason kidiferan ak ki pi ba a, yo fè yon demand pou Akomodasyon nan yon Plan 504 lè yo voye Fòm Demand pou sèvis sante/Akomodasyon Seksyon 504 la avèk otorizasyon HIPAA ladan, Fòm demand akomodasyon medikal (Medical Accommodations Request Form) (founisè swen sante elèv la ranpli).

B. Egzanp Akomodasyon

1. Sèvis sante

- a. Si yon elèv bezwen sèlman pou pran medikaman oswa tretman medikal yo preskri, yo dwe ranpli yon MAF oswa yon Fòm pou tretman medikal yo preskri (ki pa medikaman), men yo ka pa bezwen yon Plan 504. Si elèv la bezwen akomodasyon anplis sa yo mete sou MAF la oswa Fòm pou tretman medikal yo preskri a, y ap egzije tou yon Plan 504. Y ap konsidere chak sitiyasyon sou yon baz ka pa ka. Paran yo ka kontakte Kowòdonatè 504 ki nan lekòl la pou konsèy.
- b. Pou sèvis sante, voye fòm founisè swen sante elèv la ranpli bay enfimye lekòl la/founisè swen sante nan bilding lekòl elèv la:
 - MAF (pou bay medikaman)
 - Fòm pou tretman medikal yo preskri (ki pa medikaman) pou mande pwosedi medikal tankou enstalasyon tib katetè, drenaj dlo nan poumon, anlèvman mizek nan vwa respiratwa, tib nan lestomak pou bay moun manje, etc. Yo ka itilize fòm sa a pou tout tretman enfimye kalifye.
- c. Si yo egzije yon Plan 504 tou, paran yo dwe voye Fòm Demand Paran pou sevis sante/Akomodasyon Seksyon 504 ki gen Otorizasyon HIPAA ladan, ak Fòm demand Akomodasyon medikal (founisè swen sante elèv la ranpli) bay Kowòdonatè 504 la.

2. Akomodasyon pou Edikasyon

a. Akomodasyon nan salklas

Akomodasyon nan salklas se chanjman nan anviwònman salklas la pou pèmèt elèv ki gen andikap patisipe nan lekòl la. Egzanp yo gen ladan chanjman nan orè kou elèv la, arranjman klas, aranjanman chèz, metòd pou jwenn enstriksyon pou aktivite klas, tan yo bay pou kèk aktivite, oswa rekreyasyon.

b. Akomodasyon pou egzamen (ki pa gen ladan Akomodasyon pou ijans)

Akomodasyon/aranjman pou egzamen se chanjman nan fòm egzamen, jan yo bay egzamen, oswa metòd repons. Yo fè akomodasyon pou egzamen pou retire baryè ak elaji aksè nan egzamen an, men sa pa chanje kapasite oswa kontni evalyasyon an ap mezire.

- i. Akomodasyon pou egzamen yo se pou tout egzamen, men se pa sèlman pou evalyasyon Eta oswa Vil la ki konsistan avèk Plan 504 elèv la.
 - ii. Yo ta dwe fè demand pou akomodasyon pou egzamen yo nan kòmansman ane akademik lan oswa imedyatman apre yo dekouvri yon kondisyon ki ta jistifye yon demann konsa. Yo pa ta dwe fè demann pou akomodasyon pou egzamen imedyatman avan egzamen Eta oswa avan egzamen Vil la oswa avan egzamen nan salklas sof nan ka ijans (ke nou diskite pi ba a). DOE otorize menm tip akomodasyon pou egzamen ke yo otorize pou egzamen eta oswa Vil la.
 - iii. Elijiblite pou akomodasyon pou egzamen depann de nòm ki nesesè pou toujou garanti entegrite pwogram ak kontni egzamen dapre pwosedi Komisyonè Edikasyon Eta Nouyòk ak DOE tabli. Paegzanp, otorize elèv itilize yon kalkilatris pou yon egzamen kalkil ta yon akomodasyon ki pa apwopriye piske li ranplase konpetans y ap teste a. Sepandan, pa gen pwoblèm pou yon elèv pran egzamen an yon kote apa.
- c. Akomodasyon pou egzamen nan ka ijans
- i. Direktè lekòl la ka otorize kèk akomodasyon ijan pou egzamen pou elèv ki devlope yon andikap pou yon ti tan (tankou bra kase, vizyon twoub) oswa andikap pou yon tan long (tankou dyabèt, anksyete) nan trant (30) jou avan yo bay egzamen Eta a, Tout Vil la oswa salklas, lè andikap la egzije akomodasyon pou elèv la gen aksè nan egzamen an sou menm baz avèk kamarad li yo ki pa gen andikap, epi pa gen tan sifizan pou devlope oswa amande Plan 504 la oswa Pwogram Edikasyon endividyèl (IEP) la.
 - ii. Konfòmman avèk egzijans Depatman Edikasyon Eta Nouyòk (New York State Education Department ,NYSED) ak Divizyon Evalyasyon ak Responsablite (Division of Assessment and Accountability) DOE, akomodasyon ijan pou egzamen yo pa dwe gen gwo enpak sou konpetans y ap teste yo, epi yo limite avèk: pwolonje tan egzamen an; bay egzamen an nan yon lokal espesyal; anrejistre repons yo nan yon lòt fason (itilizasyon yon scribe); oswa nan li egzamen awotvwa pou yon elèv ki gen pwoblèm vizyon.
 - iii. Sof nan ka akomodasyon ijan pou egzamen pou evalyasyon nan salklas, direktè yo dwe chita pale avèk Direktè emplantasyon evalyasyon Borough DOE yo a avan pou otorize akomodasyon ijan pou egzamen chak elèv. Yo trete akomodasyon ijan pou egzamen yo tankou yon akomodasyon.seksyon 504 pwovizwa.

- iv. Jan yo dekri sa ak plis detay nan Manyèl Egzamen NYSED pou Administratè Lekòl yo (disponib nan <http://www.p12.nysed.gov/assessment/manuals/>), direktè a dwe kenbe yon dosye tout akomodasyon ijans pou egzamen yo fè yo, epi li dwe voye yon rapò konsènan chak akomodasyon ijans pou egzamen pou Evalyasyon Eta a nan Office of State Assessment swa pa lapòs, imèl, oswa faks:

Director of State Assessment
 State Education Department
 Room 775 EBA
 Albany, NY 12234
 Imèl: emscassessinfo@nysed.gov
 Faks No.: (518) 486-5765 oswa (518) 474-1989

- v. Pou chak elèv yo bay akomodasyon ijans pou egzamen, direktè a dwe, nan espas de (2) jou lekòl apre l fin bay akomodasyon an, rekòmande elèv la swa ba Kowòdonatè Seksyon 504 ki nan lekòl la pou yon evalyasyon nan ka bezwen pou kontinye akomodasyon 504 yo, oswa ba ekip IEP apwopriye ki baze nan Lekòl la pou yon evalyasyon dapre Lwa Edikasyon pou moun ki gen andikap (*Individuals with Disabilities Education Act*, IDEA). Yo dwe konsidere yon rekòmandasyon pou Kowòdonatè 504 la kòm yon demand estaf lekòl la fè jan yo pale sou sa nan Seksyon III.A pi wo a.

3. Lòt Akomodasyon

Egzanp lòt akomodasyon gen ladan aparèy sipò, mèb espesyal, adaptasyon bilding, ak itilizasyon asansè. Pou mande yon bilding ki pa gen baryè, paran yo ta dwe kontakte Biwo enskripsyon elèv (Office of Student Enrollment, OSE) DOE oswa Direktè Plasman pou Distri 75.

4. Parapwofesyonèl

- a. Yo bay elèv yo ki bezwen sipò pou travay akoz andikap yo Parapwofesyonèl pou yo ka jwenn aksè nan pwogram ak aktivite DOE.
- b. Pou elèv ki gen dyabèt: depi Ekip 504 la detèmine nesosite pou anplwaye yon parapwofesyonèl apwopriye, direktè lekòl la oswa reprezantan an pral idantifye, byen vit, nan yon espas senk (5) jou lekòl yon parapwofesyonèl pou fè travay ki gen rapò avèk dyabèt la nan Plan 504 elèv la (ak dapre MAF pou dyabèt elèv la). Si yo pa ka idantifye yon parapwofesyonèl nan senk (5) jou lekòl apre desizyon an, direktè oswa reprezantan an dwe avize byen vit Manadjè Pwogram Seksyon 504 la pou asistans, epi idantifye yon parapwofesyonèl nan dis (10) jou lekòl apre pou bay elèv la yon parapwofesyonèl.

5. Akomodasyon pou transpò

Dapre Regleman Chanselye A-801 (Chancellor's Regulation, CR A-185) (transpò

pou elèvn, <https://www.schools.nyc.gov/docs/default-source/default-document-library/a-801-pupil-transportation-haitian>), elèv yo ka elijib pou akomodasyon pou transpò 504 ale retou lekòl. Sitwèb Biwo pou transpò elèv (Office of Pupil Transportation, OPT) gen plis enfòmasyon siplemantè sou elijiblite pou transpò elèv: <https://www.schools.nyc.gov/school-life/transportation/>.

- a. Kondisyon medikal pou yon tan ki long: Pou demand akomodasyon pou transpò (paegzanp, kantite tan trajè limite oswa sipò parapwofesyonèl pou bay sipèvizyon endividyèl nan otobis lekòl), paran elèv la dwe voye Demand pou Fòm Paran pou sèvis sante/Akomodasyon Seksyon 504 ki gen Fòm Demand Akomodasyon medikal ki gen Otorizasyon HIPAA ladan ba Kowòdonatè 504 la. Si yo apwouve elèv la pou akomodasyon pou transpò, yo pral mennen l nan lekòl la nan yon otobis menmsi li pa satisfè egzijans klas edikasyon jeneral yo ak kondisyon distans yo.
- b. Kondisyon medikal tanporè, oswa kapasite limite pou deplase pou yon tan ki long oswa pou yon tan ki kout: Pou demand ki baze sou yon kondisyon medikal tanporè oswa kapasite limite pou deplase, paran an dwe voye fòm demand eksepsyon medikal yo (ki disponib nan <https://www.schools.nyc.gov/school-life/transportation/bus-eligibility/exceptions-to-transportation-eligibility>) nan OPT olye fòm demand 504 ki te dekri pi wo a.

C. Avi ak konsantman

1. Y ap apwouve yon Plan 504 pou elèv la nan fen Reyinyon Ekip 504 la, lè sa posib, oswa pi vit posib apre reyinyon an. Pou yo renouvle yon Plan 504 ke yo pa ka finalize nan Reyinyon Ekip 504 la, Ekip 504 la pral finalize Plan yo lè l posib pa pi ta pase fen ane lekòl la.
2. Yo pa ka aplike okenn Plan 504 lan san konsantman paran an alekri. Kowòdonatè 504 ki nan lekòl la ap bay paran yon kopi Plan 504 lan pou apwouve ak siyen.
3. Paran an ap voye Plan 504 ki siyen an tounen bay Kowòdonatè 504 la, epi Kowòdonatè 504 la pral bay paran yon kopi vèsyon final ki konplè a (paran an ak yon reprezantan lekòl la siyen), epi li pral kenbe yon kopi dapre egzijans regleman sa a. Konsantman paran an ap valab pandan Plan 504 ki siyen an rete anvigè sofsi paran an enfòm Kowòdonatè 504 la alekri li retire konsantman li te bay la.

D. Transfè/Tranzisyon ant lekòl DOE pandan ane lekòl la

1. Pandan ane lekòl la
 - a. Si yon elèv sòti nan yon lekòl DOE pou transfere nan yon lòt lekòl DOE pandan ane lekòl la, lekòl l ap soti a ap mete plan 504 la lè lekòl l ap soti a ap voye dosye l yo ba lekòl li prale a. Kowòdonatè 504 lekòl elèv la ap soti a ta dwe enfòm Kowòdonatè 504 lekòl k ap resevwa a sou Plan 504 ki anvigè ane lekòl aktyèl la.

- b. Lekòl k ap pran elèv la ap revize Plan 504 li resevwa a, epi nan limit ki posib, l ap enpleman Plan 504 la imedyatman ki anvigè pou ane lekòl aktyèl la.
 - c. Si l pa posib pou aplike tousuit Plan 504 aktyèl la nan lekòl elèv la prale a, Kowòdonatè 504 lekòl li prale a dwe avèti paran elèv la alekri sou dat yo konte bay akomodasyon yo.
 - d. Si lekòl k ap resevwa elèv la gen yon rezon valab pou chèche revize Plan 504 la, Kowòdonatè 504 la ap :
 - i. avize paran elèv la ke lekòl elèv la prale a p ap bay akomodasyon ki nan Plan 504 la, epi l ap presize rezon pou desizyon sa a ; epi
 - ii. konvoke yon Ekip 504 pou evalye elèv la dapre règleman sa a, epi regade Plan 504 la, si sa nesesè.
 - e. Pou elèv k ap mande pou yo ba yo medikaman ki egzije akomodasyon, yo dwe adopte enplemantasyon Plan 504 ki egziste a oswa ki revize a nan delè ki tabli nan IV.B.1.b.ii.
2. Tranzisyon fen ane nan nouvo lekòl DOE apre Dènnye klas
- a. Nan prentan an, Ekip 504 la finalize Plan 504 la kou sa posib dapre akomodasyon elèv la mande nan lekòl li nan lè sa a, epi voye Plan 504 la nan lekòl k ap resevwa l la.
 - b. Avan oswa imedyatman apre premye jou lekòl la, Ekip 504 lekòl k ap resevwa elèv la la ap reyini pou modifiye Plan 504 lan si nesesè.
- E. Transfè pou soti nan yon lekòl ki pa lekòl DOE
- 1. Yo pa egzije lekòl DOE pou aplike otomatikman yon Plan 504 oswa pou bay akomodasyon ke lekòl DOE pa devlope.
 - 2. Y ap evalye elèv ki soti pandan ane lekòl la nan yon lòt distri lekòl oswa nan yon lekòl prive oswa nan yon lekòl charter epi ki prezante plan akomodasyon ki prepare lòt kote oswa ki mande akomodasyon 504, dapre pwosesis ak pwosedi ki site nan règleman sa a, tankou kalandriye ki dekri nan Seksyon IV.B.1.
 - 3. Si elèv la gen yon Plan 504 ki soti nan yon lòt distri lekòl oswa nan yon lekòl prive oswa nan yon lekòl charter, y ap aplike Plan sa a si sa posib jiskaske Ekip 504 DOE a evalye elèv la dapre règleman sa a.
- F. Renouvèlman anyèl
- 1. Kowòdonatè 504 ki baze nan lekòl la dwe evalye Plan 504 yo nan nivo lekòl la chak ane avan ane lekòl la fini.
 - 2. Kowòdonatè 504 la pral voye ba tout paran timoun yo ki te gen Plan 504 pandan ane lekòl avan an fòm demand yo pou pwochen ane lekòl la pou ke y ap itilize pou mande nouvo akomodasyon oswa akomodasyon modifiye, epi nou ankouraje yo pou mete ladan yon kopi Plan 504 ki pi resan an.

3. Dwe genyen yon mesaj anyèl ki soti nan men founisè swen sante elèv la k ap montre bezwen elèv la genyen pou akomodasyon, si yon founisè swen sante te deja dyagnostike andikap la oswa si andikap la bezwen entèvansyon medikal regilye.
4. Pou tout elèv k ap retounen avèk yon MAF oswa yon Fòm pou tretman medikal yo preskri, ak/oswa yon Plan 504, ki ka bezwen sèvis sante pou ane lekòl apre a: Kowòdonatè 504 la oswa reprezantan I ap kontakte paran yo pou raple yo pou voye demand 504 la (pou mande nouvo akomodasyon oswa akomodasyon modifiye) oswa fòm MAF revize oswa Fòm pou tretman medikal yo preskri kou sa posib epi avan fen ane lekòl aktyèl la pou ane lekòl k ap vini an, epi si yo bezwen akomodasyon pou pale sou kalandriye Revinyon Ekip 504 k ap fèt la avan fen ane lekòl aktyèl la.
5. Si yo pa bezwen fè okenn chanjman nan Plan 504 elèv la, yo ap readopte Plan 504 la pou pwochen ane lekòl la san Ekip 504 la pa reyini okonplè lè paran an voye tounen Plan 504 ki siyen an bay Kowòdonatè 504 la epi reprezantan lekòl la siyen Plan 504 la. Kowòdonatè 504 la ap asire yo distribye Plan 504 ki finalize a bay paran an ak tout lòt konsène ki responsab pou enplemante I. Si Kowòdonatè 504 la, oswa lòt manm Ekip 504 la, ki gen ladan paran, montre Plan 504 la mande chanjman, yon Ekip 504 konplè dwe reyini pou chanje Plan 504 la.

G. Sèvis Edikasyon espesyal

Yon elèv ka bezwen sèvis Edikasyon espesyal si li gen yon andikap, jan yo defini I nan IDEA ki afekte kapasite I pou aprann. Gen kèk elèv yo rekòmande pou akomodasyon dapre Seksyon 504 ki ka bezwen sèvis Edikasyon espesyal atravè yon IEP. Nan ka sa a, Ekip 504 la ap rekòmande elèv la ba Ekip IEP ki baze nan lekòl la oswa ba Komite pou Edikasyon Espesyal distri a pou evalyasyon.

VI. KONSÈVASYON DOSYE

- A. Yo dwe kenbe yon kopi Plan 504 chak elèv pou chak ane lekòl nan dosye final elèv la, pou yo ka transfere I ansanm ak elèv la si elèv la chanje lekòl. Yo dwe transfere Plan 504 la ba tout lekòl DOE kote elèv la ale.
- B. Anplis jan yo kenbe dosye ki dekri pi wo a nan Seksyon II.B, Kowòdonatè 504 ki nan lekòl yo dwe anrejistre nan Automate the Schools (ATS) chak demand 504 ki fèt alekri. Sa gen ladan tout demann alekri, pa sèlman sa yo detèmine alafen pou mande akomodasyon. Dwe gen nan done yo dokimante yo omwen :
 - dat demand 504 la;
 - mezi yo pran; ak
 - dat yo pran mezi a.
- C. Kowòdonatè 504 ki baze nan lekòl la dwe voye tout demand 504 yo, Plan 504 final yo, ak lòt dokiman ki gen rapò avèk Manadjè pwogram Seksyon 504 dapre eksplikasyon ki nan Trening Kowòdonatè 504 la.

VII. PWOSEDI EVALYASYON

A. Opòtinite pou egzamine dosye enpòtan yo

Paran yo gen dwa pou egzamine dosye pitit yo ki gen rapò avèk rekòmandasyon, evalyasyon, devlopman ak enplemantasyon Plan 504 yo dapre Regleman Chanselye A-820 (Chancellor's Regulation A-820) (Konfidansyalite ak Divilgasyon Dosye Elèv; Konsèvasyon Dosye, <https://www.schools.nyc.gov/docs/default-source/default-document-library/a-820-haitian-creole2db828b33a5843418f8d1e2d5821d424>).

B. Plent

1. Paran yo ka pote plent konsènan rekòmandasyon, evalyasyon, devlopman ak enplemantasyon yon Plan 504 si li fè bagay sa yo :
 - a. Mande Direktè Sante a (<https://auth-infohub.nyced.org/docs/default-source/default-document-library/health-director-contacts.pdf>) nan borough kote lekòl elèv la ye a pou Kowòdonatè 504 la oswa Ekip 504 ki baze nan lekòl la pou regade desizyon an. Yo dwe fè demand sa a alekri sou dis (10) jou lekòl apati dat paran an resevwa avi alekri sou desizyon l ap konteste a. Nan espas kenx (15) jou lekòl apati dat *Direktè sante a* resevwa demand pou evalyasyon sa a, l ap voye yon desizyon alekri ; ak/oswa
 - b. Depoze yon plent nan Office of Equal Opportunity and Diversity Management DOE konfòmman avèk Regleman Chanselye (Chancellor's Regulation A-830) (Regleman ak Pwosedid kont Diskriminasyon pou Depoze plent entèn akòz Diskriminasyon), <https://www.schools.nyc.gov/about-us/policies/chancellors-regulations/volume-a-regulations/3>), si paran an kwè diskriminasyon te fèt akòz andikap elèv la.
2. Paran yo ka mande yon odisyon sanpatipri pou rezoud tout desizyon oswa dispozisyon ki pa favorab Direktè sante a te pran kòm repons pou yon demand yo fè pou rekonsiderasyon ki dekri nan seksyon VII.B.1. ki pi wo a. Yo dwe fè demand sa yo sou dis (10) jou lekòl apre paran an fin resevwa desizyon alekri a nan: Impartial Hearing Office, New York City Department of Education, 131 Livingston Street, Room 201, Brooklyn, NY 11201 or IHOQuest@schools.nyc.gov. Nan odisyon sanpatipri sa yo, se paran an ki dwe gen pou pwouve ke desizyon Direktè Sante a p at kòrèk.

VIII. LÒT PWOSEDI POU POTE PLENT

Pwosedid entèn sa yo pa retire dwa okenn moun pou yo mande konkou lòt kote tankou pote plent nan nenpòt nan ajans deyò nou site pi ba a.

- U.S. Department of Education, Office for Civil Rights
- New York State Division of Human Rights
- New York City Commission on Human Rights

Delè pou pote plent nan ajans sa yo ka varye.

IX. DEMAND RANSÈYMAN

Yo ta dve voye tout kesyon konsènan akomodasyon 504 onivo lekòl la ba Kowòdonatè 504 ki baze nan lekòl la.

Yo ta dve voye tout kesyon konsènan regleman sa a ba Manadjè Pwogram Seksyon 504 la oswa ba Direktè sante a (ki site nan: <https://auth-fohub.nyced.org/docs/default-source/default-document-library/health-director-contacts.pdf>):

Section 504 Program Manager

Biwo Sante Lekòl

110 William Street, 15th Floor

New York, NY 10038

Telefòn: (212) 287-0354

Imèl: 504Questions@schools.nyc.gov

Pou plis enfòmasyon, ale nan resous sa yo:

- Sit wèb Akomodasyon 504 DOE: <https://www.schools.nyc.gov/school-life/health-and-wellness/504-accommodations>
- Sit wèb Sèvis sante DOE: <https://www.schools.nyc.gov/school-life/health-and-wellness/health-services>
- Paj wèb Avi ak Fòm Sante DOE: <https://fohub.nyced.org/in-our-schools/translations/forms/health-forms-and-notice>
- Akomodasyon 504: Gid pou elèv ak fanmi <https://www.schools.nyc.gov/docs/default-source/default-document-library/504-accommodations-student-and-family-guide>
- U.S. Department of Education, Office for Civil Rights, Parent and Educator Resource Guide to Section 504 in Public Elementary and Secondary Schools: <https://www2.ed.gov/about/offices/list/ocr/docs/504-resource-guide-201612.pdf>